ISSN: 2181-3906 2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# MEKTEP OQIWSHILARINA EKOLOGIYALIQ TÁRBIYA BERIWDE XALIQ PEDAGOGIKASI DEREKLERINIŃ TUTQAN ORNI

**Temirbekova Aysholpan**
NMPI magistratura bólimi
"Pedagogika teoriyası hám tariyxı" qánigeligi 1-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.10403997

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada Ózbekistanda jer hám jer asti bayliqlarin, suw dereklerin, ósimlik hám haywanat dúnyasin qorǵaw, bul bayliqlardan ilimiy tiykarda, abaylap paydalaniw, hawa hám suwdi taza saqlaw haqqında aytılǵan.*

***Gilt sóz:*** *Ekologiya, jer, suw derekleri, ósimlik, pedagogika teoriyasi.*

# ENVIRONMENTAL TO SCHOOLCHILDREN FOLK PEDAGOGY IN EDUCATION THE PLACE OF ITS SOURCES

***Abstract.*** *This article talks about the protection of land and underground resources, water sources, flora and fauna in Uzbekistan, the scientific and careful use of these resources, and the preservation of clean air and water.*

***Key words:*** *Ecology, land, water resources, vegetation, theory of pedagogy.*

# ЭКОЛОГИЧЕСКОЕ ШКОЛЬНИКАМ НАРОДНАЯ ПЕДАГОГИКА В ОБРАЗОВАНИИ МЕСТО ЕГО ИСТОЧНИКОВ

***Аннотация.*** *В данной статье рассказывается об охране земельных и подземных ресурсов, водных источников, флоры и фауны Узбекистана, научном и бережном использовании этих ресурсов, сохранении чистоты воздуха и воды.*

***Ключевое слово:*** *Экология, земля, водные ресурсы, растительность, теория педагогики.*

"Ekologiya" – grekshe sóz bolıp, organizmlerdiń jasaw jaǵdayı hám dógerek átiraptaǵı ortalıq penen óz ara qatnasları hám de usı tiykarında júzege keletuǵın nızamlıqlardı úyrenetuǵın pán bolıp esaplanadı."Ekologiya" - ataması 1866-jilda nemis zoolog alımı E.Gekkel tárepinen pánge kiritilgen. Jaqın waqıtlarǵa shekem bul atama tek qánigilerge ǵana belgili edi. Házirgi waqıtta dógerek ortalıqqa, tábiyat baylıqlarına itibarsız bolıw pútkil álemge ziyan jetkiziw imkaniyatı anıq bolıp qaldı.

Insan menen tábiyat ortasındaǵı qatnaslar mashqalaların sheshiwge mútájlik payda boldı. Usı barabarinda ekologiyalıq jaǵdaydı sawlamlastiriw tiykarǵı islerden biri bolıp esaplanadı. Oqıwshılarda ekologiyalıq mádeniyattı payda etiw, olarǵa tábiyat dógerek ortalıq penen qanday qatnasta bolıwın úyretiw pedagogika teoriyasi hám mektepler ámeliyatiniń eń aktual mashqalalarına aylandı.

Ózbekistan jer hám jer asti bayliqlarin , suw dereklerin, ósimlik hám haywanat dúnyasin qorǵaw, bul bayliqlardan ilimiy tiykarda, abaylap paydalaniw, hawa hám suwdi taza saqlaw, tábiyiy bayliqlardi abaylap paydalanıwdı támiyinlew, insanniń dógerek átiraptı jaqsilaw ushın shara hám ilajlar kóriwi zárúrligi qatań qadaǵalaw astına alınǵan desek durıs boladı.

Uluwma tálim beriwshi mekteplerinde hám ekologik baǵdardaǵi klasslardiń shólkemlestiriliwi, bul tiykarda litseylerdiń qáliplesiwi jas áwlatqa mektep partasinan tábiyatqa muxabbat ruwxinda tárbiya beriwge kirisilgenligin kórsetedi.

Xalqımız burınnan jerdide tábiyattıń da suwdıńda qorshaǵan ortalıqtıń da qádirine jetken hám balalardı miynetke tikkeley qatnastırıw protcesinde olarǵa usı aǵla páziyletlerdi sińdiriwge

maqset etken.Ata-babalarımız “Jer ǵáziyne, suw gawhar”, “ Suw keldi,nur keldi”“Shól jaǵalap qonba, kól jaǵalap qon” dep násiyatlaǵan. Ótmishten bizge miyras bolıp qalǵan “Avesto” da jerdi gúllendiriw, janlı maqluqlarǵa azap bermew, egislik jerlerdi qádirlew, dógerekti kókelemzarlandırıw, jerdiń hám suwdıń, taza hawanń qádirine jete biliw kerekligi kórsetilgen.

Islam táliymatında jer,suw hám hawa júdá qásterlengen,suwdı hawanı pataslaw,tereklerdi sındırıw gúná dep esaplanǵan. Egin egiw,aǵash kógertiw, baǵ jaratıw sawap isler dep kórsetilgen.

Ekologiyalıq tárbiya búgingi kúnde de jámiyetimizdegi, ulıwma bilimlendiriwdegi eń aktual mashqalalardı óz ishine aladı. Sebebi mektep oqıwshılarına ekologiyalıq bilim beriw arqalı, olarda tábiyattıń qádir – qimbatına jetip biliw, tábiyiy baylıqlarǵa, qorshaǵan ortalıqqa súyispenshilik, húrmet kóz qarası qáliplesedi.

Respublikamızda Xalıq Bilimlendiriw nızamında hár tárepleme jetik rawajlanǵan jaslardı tárbiyalap kamálǵa keltiriw milliy tárbiyamizdiń bas maqseti etip belgilengen. Bilimlendiriw tarawınıń rawajlanip bekkemlenip bariwinda ekologiyaliq tálim–tárbiya máselesiniń orni ayrıqsha bolıp esaplanadı. Al mektep oqıwshılarına xalıq pedagogikasi úlgilerinen paydalanip ekologiyaliq tálim – tárbiya beriw bul – mektep oqıwshılarınıń sanasında ana tábiyatqa, ózi tuwilip ósken úlkege, dógerek átirapqa, milliy, tábiyiy bayliqlarina húrmet kóz qarasin qáliplestiriwdiń ata – babalarimizdan miyras bolıp kiyatirǵan birden – bir tárbiya qurallarinan bolıp esaplanadı. Bizińshe búgingi kúndegi ilimniń, texnikaniń keskin jedel pát penen rawajlaniwi bir tárepten unamlı bolsa, ekinshi tárepten tábiyiy ortaliqtiń hawanıń, suwdiń topiraqtiń t. b. tábiyiy bayliqlardiń da sapasınıń tómenlewine, pataslaniwina alip kelmekte. Jaslarǵa ulıwma tálim-tárbiya beriw máselesine Prezidentimiz ayrıqsha diqqat itibar menen qarap tómendegishe pikir bildirdi: “Ósip kiyatirǵan áwladlardiń táǵdirine hesh kim biypariq qaray almaydi. Jaslardı oqıtıwı, olardi tárbiyalaw, mámlekettiń jetik insanları bolıwına qayǵiriw hár birimizdiń waziypamiz “. Demek, jas áwladqa ásirese babalarimiz miyrasi esaplanǵan xalıq pedagogikasi úlgilerinen ónimli paydalanip milliy tárbiyaniń basqada túrleri menen bir qatarda ekologiyaliq tálim-tárbiya beriw isinde hár qanday sanalı insan, jámiyetimiz aǵzasi ózin juwapker sipatında seziniwi kerek.

Balalar tárbiyasınıń qaysı túrin alıp qaramayıq, onda xalıq pedagogikası ayrıqsha áhmiyetke iye. Xalıq pedagogikasına názer salar ekenbiz, biz tárbiyalıq dástúrlerdiń házirgi waqıtqa shekem saqlanip kelgen bay maǵluwmatlarina iyemiz. Mektep oqiwshilarına ekologiyaliq tárbiya beriw máselesinde xalıq danaliǵi, xalıq awizeki dóretpelerine tiykarlaniw arqali ámelge asirilsa belgili, tabisli nátiyjelerge erisiwge de keń imkaniyat jaratiladi. Uluwma balalar tárbiyasinda xalıq pedagogikasiniń tutqan orni, áhmiyetliligi haqqında pedagog ilimpaz O.Álewov tómendegishe ilimiy kóz qaraslarin bildiredi: “ Xalıqtıń usı dárejede rawajlanıwına erteden iye ekenligin dálillewshi folklorliq bayliǵi boyinsha hesh bir xalıqtan qalispaydi. Qaraqalpaq xalıq pedagogikasiniń Orta Aziya elleri xalıq pedagogikasina salistirip qaraǵanda ózine tán etnikaliq xarakterge iye ayirmashiliqları oǵada kóp. Xalıq pedagogikasiniń ózi bul ózgesheliklerine, dástúrine, úrip – ádetine qaray tárbiya jumisları beyimlesip qálipleskenligin ańlatadı“.

Demek, jaslarǵa ekologiyalıq tálim-tárbiya beriwdiń túp tiykarı erte dáwirlerge barıp taqaladı. Ata – babalarimız óz ul – qizlarina milliy tárbiyanıń bir túri ekologiyaliq tárbiya beriwde xalıq pedagogikasiniń bay tárbiyaliq qurallarinan paydalanıp kelgenligin xalıqliq dástúrler, awizeki dóretpeler mazmunı menen tanısıw arqali bilip baramiz. Xalıqtıń awız ádebiyati hámde xalıqtıń tárbiyaliq dástúrleri xalıq pedagogikasi, xalıq danaliǵiniń búgingi kúndegi mektep

ISSN: 2181-3906 2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

oqıwshıların jámiyettiń maqsetine muwapiq adam, shaxs sipatinda qáliplestiriwde tárbiyaniń maqset hám waziypalarına bolǵan kóz – qarasları hám xalıq tárepinen tálim tárbiya islerin ámelge asırıw tarawında qollanılıp kelgen usilları menen jollari, kónlikpe hám uqipliliqlardiń biriniń tájiriybeler tiykarinda toplanǵan bilimler bayliǵi yaǵniy xalıq pedagogikasin xalıqtıń awizeki túrde dóretken hám dástúr sipatında áwladtan – áwladqa ótip kiyatirǵan tárbiyalıq tájiriybeleriniń jiyindisı dep bahalawimızǵa boladı.

Haqiyqatinda da mektep oqıwshılarına basqa tárbiyalar menen birgelikte ekologiyaliq tárbiya beriwde xalıq pedagogikasi, dástúriy pedagogikaliq mádeniyat oǵada anıq hám ashıq joldı usınadı. Sebebi, xalıq pedagogikasi dirlekleriniń kishi mektep oqıwshıları tez uǵip, túsinip alıwı ushın jeńil hám de bunda insandi qáliplestiriwshi derekler, tárbiyaliq usillar menen qurallar tárbiya túrleri jetkilili hám hár túrlilikke iye. Biziń pikirimizshe mektep penen xalıq pedagogikasiniń ózine tán tárbiyaliq kórsetiw dárejesi tiǵiz baylanista. Hár qanday mektep muǵallimi, pedagog-xizmetker xalıq pedagogikasin ózi jeterli dárejede bilmey turıp, xalıq pedagogikasi dereklerinen sheber paydalanbay turıp, mektep oqıwshılarına tiyanaqli ekologiyaliq tárbiya hám bilim beredi dep ayta almaymiz. Sonliqtanda hár qanday pedagog xizmetker mektep oqiwshilarina salmaqlı tálim-tárbiya beriwde xalıqtıń tárbiyaliq dástúrlerinen xalıq pedagogikasinan ónimli paydalanip biliwi tiyis dep esaplaymiz

Ekologiyaliq tárbiya xalıq pedagogikasi menen birlikte usi xalıq danaliǵi menen tikkeley baylanisatuǵin islam táliymatı qádiryatlarinda, hátteki onnan aldinǵı dinimiz Zardushtiylik dáwiriniń esteligi “ Avesto “ da ekologiyaliq tárbiyaǵa ayrıqsha kewil awdaradi.

“Avesto“ da ilim – pán turmistiń hámme tarawları boyınsha maǵluwmatlar bar. Ásirese, 5 -17 baplarinda jer, suw, bólme, kiyim – kenshek, azıq – awqatlardi taza tutiw hám saqlawǵa, oǵan balalardi úyretiwge ayrıqsha orin berilgen“. Uluwma ata – babalarimiz jaratqan milly qádiryatlar, xalıq pedagogikası, dinimizde de ekologiyaliq tárbiya basqa tárbiyalar menen birlikte óz ornına hám áhmiyetine iye bolıp kelgen.

Ekologiyaliq tárbiya basqada tárbiya túrleri menen birge tiǵiz baylanisliliqta qáliplesedi. Ásirese tárbiya túrlerin turaqli túrde, birdey izbe-izlik hám baǵdarda alip bariwda xalıq pedagogikasi dereklerinen bolǵan úrp –ádetlerdi,milliy dástúrlerdi kórsetiw múmkin. Xalqımız ázel – ázelden miynet súygish, tatıw xalıq bolǵanliqtan túrkiy xalıqlardiń ishinde ásirese ózbek, qaraqalpaq xalıqlarinda bir – birewge járdem qolin soziw, kómek “xashar“ dástúri bar. Bunda erte báhárden – aq ata – babalarimiz ul –qizlarin izine ertip jap – salmalarda qaziw, tártipke keltiriw, suw aǵatuǵin orinlardi patas nárselerden tazalaw, úy qaptaliniń, dógerek átiraptiń tazaliǵina kewil bólip, birgelikte háreket etip kóklemzarliqqa aylandiriw, baǵ etiw t. b. ibretli isler menen shuǵillanǵan. Oǵan ózleri menen birge ul qizlarinda bunday jumislarǵa úyretip barǵan. Bul xalqımızdiń ózine tán xalıq pedagogikasindaǵi ekologiyaliq tárbiya kórsetkishlerinen biri bolsa, al búgingi kúnde mektep oqıwshılarına da usınday xalıq pedagogikasiniń úlgili isleri, dástúrlerin engizip bariwimiz zárúr. Bunda mektep oqıwshıları, birinshiden: tábiyat penen, ózin qorshaǵan ortaliq penen tanısadı, ekinshiden: miynet etiwge úyrenedi, úshinshiden: tábiyattiń, tábiyat bayliqlariniń qádir – qimbatin túsinip jetedi, hár qanday tábiyiy baylaqtan paydalanıwda sanali túrde háreket etip, isirapkershilikke jol qoymawdi da úyrenedi.

Uluwma jámiyettiń rawajlaniwi, tábiyattiń teń salmaqliliǵi, adamlardiń den sawliǵi, haywanatlar hám ósimlikler dúnyasindaǵi birgelkililik t. b. máseleler – bulardiń barliǵi

ekologiyaliq mashqalalar menen baylanisli. Al tábiyatta ekologiyaliq jaǵdaydıń buziliwı ushın misal: hár qanday patasliqlardiń, shiǵindilardiń uluwma insaniyatqa keri tásir etetuǵin jaǵdaylardiń bizińshe, mektep oqıwshılarına anıq faktler, dáliller menen kórsetip, túsindirip, teoriyaliq bilimlerin bekkemlep bariwimiz kerek.

Búgingi kúnde ekologiyaliq máselelerdi sheshiw hár bir insanniń, sonıń ishinde mektep oqıwshılarınıń tárbiyasina, ádep ikramli bolıwına, bul arqali jámiyetimizdiń tárbiyasiniń bekkemligine belgili dárejede ǵárezli boladı. Usi ekologiyaliq mashqalalardiń kelip shiǵiw jaǵdaylarin dúnya júzlik ekologiyaliq mashqalalardan biri – Aral teńiziniń suwiniń keskin páseyip, azayip ketiw halatlarin, adamlardiń tábiyatqa bolǵan kóz – qarasinda zorliq, ústemshilik, isirapkershilik, illetleriniń tábiyattiń buziliwina alip keletuǵin mektep oqıwshılarınıń jas hám jeke ózgesheliklerin esapqa alǵan halda túsindirip bariwimiz kerek. Bunda xalıq pedagogikasi baslı áhmiyetke iye tárbiyaliq derek bolıp esaplanadı. Adamlar barlıq kerekli zatlardi tábiyattan aladı, tirishilik sirtqı ortaliqtan boladı hám sana sezim de tábiyat arqali rawajlanadi. Sol ushın tábiyatti hár bir adam qorǵawǵa tikkeley qatnasıwı kerek dep esaplaymiz. Sonliqtanda mekteplerde botanika, tábiyattaniw, zoologiya, biologiya uluwma biologiya sabaqlari ótiledi. Bizińshe usi sabaqlar menen bir qatarda mektep baǵdarlamasindaǵi “ Milliy ǵarezsizlik ideyasi “, “Ádeptaniw“, “Ádebiyat“ t. b. jámiyelik pánlerde de oqiwshilarǵa tálim tárbiya beriw mashqalalarinda ekologiyaliq tárbiya basil baǵdarda turiwi kerek, xalıq pedagogikasi menen tereń baylanisliqta úyreniliwikerek. Demek, mektep oqıwshıların usi jámiyet aldindaǵi eń áhmiyetli mashqala ekologiyaliq mashqalalar menen tanistiriw, tábiyatqa, ana watanǵa ózi jasap atirǵan úlkesine, ondaǵi jer asti, jer ústi bayliqlari, tábiyiy faktorlar jer, suw, hawa, topiraq, ósimlikler hám haywanatlar dúniyasina ádep ikramliliq húrmet kóz qarasin qáliplestiriwde ekologiyaliq tárbiyaniń onda xalıq pedagogikasi úlgilerinen paydalaniwdiń búgingi pedagogikamizdiń aldindaǵI baslı mashqalalardiń biri sipatında bahalaymiz.

## REFERENCES

1. Mirziyoyev Sh.M Buyuk kelajagimizni mard va oliy janob xalqimiz bilan birga quramiz T:O’zbekiston 2016
2. Beknazarov.R.U, Novikov Yu. V. «Qorshap turǵan ortaliqti qorǵaw» Nókis, «Bilim», 1991 j. 6 – bet.
3. Saparbaev. J. Ekologiyaliq daǵdaristi ekologiyaliq tálim hám tárbiya menen saplastiriwdiń geypara usillari. «Qaraqalpaǵstan muǵallimi» jurn. 2000 j. N 1 – 2 san. 72 bet.
4. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – №. 10. – C. 841-849.
5. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – T. 9. – C. 386-392.
6. Sag’inbaevna T. S. Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence //Spanish Journal of Innovation and Integrity. – 2023. – T. 18. – C. 39-41.

7. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 841-849.
8. Saginbaevna T. S. Management and study of culture and art. – 2022.
9. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
10. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
11. Allambergenovna A. R. THE MANIFESTATION OF EUROPEAN AND NATIONAL TRADITIONS IN THE OPERA" GULAYIM" //International Journal of Philosophical Studies and Social Sciences. – 2022. – Т. 2. – №. 2. – С. 185-187.
12. Абатбаева Р. А. ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН МУСИҚА МАДАНИЯТИНИ РИВОЖЛАНИШИДА МАШХУР БАСТАТОР Н. МУҲАММЕДДИНОВНИНГ ЎРНИ //Oriental Art and Culture. – 2022. – Т. 3. – №. 1. – С. 648-653.
13. АБАТБАЕВА Р. КОМПОЗИТОР НАЖИМАДДИН МУХАММЕДДИНОВ ИЖОДИДА ТАРИХИЙ СИЙМОЛАР //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 1. – С. 60-66.
14. SEGIZBAEVA G., ABATBAEVA R. QORAQOLPOG‘ISTONDA FORTEPIANO JANRINING RIVOJLANISHIDA DILBAR ERNIYAZOVANING TUTGAN O‘RNI //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 3. – С. 110-114.
15. Abatbaeva, R. (2023). BALLAD GENRE BY COMPOSER NAJIMADDIN MUHAMMEDDINOV. Modern Science and Research, 2(10), 340–343.
16. Abatbaeva, R. "International Scientific Journal Theoretical & Applied Science manifestation of european and national traditions in the karakalpak ethno-opera «gulayym» SOI: 1.1/TAS DOI: 10.15863/TAS http." T-Science. org 18 (2022).
17. GAYIPOVA M., ABATBAEVA R. QORAQALPOQ AKADEMIK QO ‘SHIQCHILIK SAN’ATIDA BAZARBAY NADIROVNING TUTGAN O ‘RNI //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 1. – С. 84-88.
18. Abatbaeva, R. (2023). KOMPOZITOR NAJIMADDIN MUXAMMEDDINOV DÓRETIWSHILIGINDE ERTEK JANRÍ (Toǵız tońqıldaq bir shińkildek ertegi tiykarında). Вестник музыки и искусства, 1(2), 46–51.
19. Gaybullaeva, X., & Abatbaeva , . R. (2023). THE EMERGENCE AND DEVELOPMENT OF A NEW CREATIVE FOLK SONG ORCHESTRA IN NEW UZBEKISTAN. Modern Science and Research, 2(10), 163–170.
20. Allambergenovna A. R. Historical Image of" Alpamys" In Karakalpak Music (Example in the Works of Nazhimaddin Muhammeddinov) //Best Journal of Innovation in Science, Research and Development. – 2023. – Т. 2. – №. 6. – С. 138-144.
21. Allambergenovna A. R. Historical Image of" Alpamys" In Karakalpak Music (Example in the Works of Nazhimaddin Muhammeddinov) //Best Journal of Innovation in Science, Research and Development. – 2023. – Т. 2. – №. 6. – С. 138-144.

22. YO‘LDASHEV A., ABATBAEVA R. USTOZIM NESIPBAY ALEKEEV TURSINBAEVICHNING IJODIGA BIR NAZAR //Journal of Culture and Art. – 2023. – T. 1. – №. 3. – С. 123-129.

**Internet saytlari:**

1 www. tdpu. uz
2 www. pedagog. uz